ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№197 (22.355) • 2012 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 9, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр сомИ 3-щ • adyghe@mail.ru adygeale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Ехьулlэныгъэ инхэр зэрагъэлъагъуэ, ильэс куэд лъандзрэ хьэлэлу зэрылажьэм икlи Урысей Федерацэм Мэкъумэщ хозяйствэмкlэ и министерствэм и «Кlуэкlуэ В. М. и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр къэрал мэкъумэщ академие» профессиональнэ щlэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапlэм и Гъэч къудамэр кьыззэрыгъэпэщрэ ильэсри 100 зэрырикъум кьыхэкlыу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал наградэхэр етын а Iуэхущапlэм мы кьыкlэлъыкlуэ и лэжьакlуэхэм:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щыхь тхылъыр

Ильиных Иван Сергей и кьуэм - егъэджакlуэм

Палехов Валентин Василий и кьуэм - егъэджакlуэм,

цlэ лъапlэхэр яфlэщын

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмкlэ щыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэр

Харченкэ Любовь Александр и пхъум - егъэджакlуэм

Хорошевэ Людмилэ Виктор и пхъум - егъэджакlуэм

Хорошев Юрий Николай и кьуэм - егъэджакlуэм,

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и мэкъумэщ хозяйствэм щыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэр

Ильиных Екатеринэ Мирон и пхъум - егъэджакlуэм

Киричко Владимир Владимир и кьуэм - егъэджакlуэм

Пежемский Виктор Иван и кьуэм - егъэджакlуэм, «Техническэ» кьудамэм и унафэщым,

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм цlыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщlэнымкlэ и Iэнатlэм щыхь зиlэ и лэжьакlуэ» цlэр

Гнездилов Вячеслав Эдуард и кьуэм - ремонт-ухуакlуэ гупым и мастерым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м
№137-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» Урысейпсо конкурсым хэтхэм яхуэгъэза и

ФIЭХЪУС ПСАЛЪЭ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я цlэкlэ, си щхьэкlэ сэ кьыз8гъэдэкlыу «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» ешlэнэ Урысейпсо юбилей конкурсым и кьыззэгъэпэщакlуэхэмрэ абы хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэрым хьэщlэкlэ гуапэ и щыналъэм фIэхъус сэлам щывызох.

Нобэ ди дежь Урысейм и щыналъэ псоми кьикlри къэкlуад сабий, щlалэгъуалэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм я пашэ ныбжьыщIэхэмрэ унафэщlэхэмрэ. Абыхэм ящыщ куэдым километр мин бжыгъэхэр кьыззэпачри кьэкlуад конкурсым щытекlуэн папщIэ икlи апхуэдэ тегушхуэныгъэм пщIэшхуэ хуэфащэщ, апхуэдэу абы нэрылъагъу кьыпщедЖ щIэблэ тэмэм кьыззэрытщIэхьэуэр.

Пашэм щыхьрэ жэуапльныгъэрэ зыпылъ кьалэн зэригъэзэщlэм кьыдэкlуэу, абы жылагъуэм кьаруущ хелъхьэ. Абыхэм Iэкlуэльакlуэу цlыхухэр зэрызэщlагъэуIуэм, езыхэм я гурыльхэмрэ мурадхэмрэ зэрядгъэхьэхьыфьм кьыдэкlуэу, нэгъуэщI Iэджи яхуэзэфIокI, абы-хэм я lыщIэльщ егугъуу икlи хуэсакьыу зехьэн хуей зы дуней. Икьукlэ гуапэщ тегушхуэныгъэ зыхэлъ, зыужьныгъэм хущIэкъу икlи жылагъуэм хущхьэпэну зи мурад щlалэгъуалэр тлъагъуну.

Икьукlэ мыхьэнэшхуэ иlэу кьызэлъытэ «XXI лIэщIыгъуэм и пашэ» Урысейпсо конкурсым хуэдэ Iуэхущхуэу щlалэгъуалэр хэкур фIыуэ яльагъуу, зэхэщlыкI ябгъэдэлъу гъэсэным, жылагъуэр зэщIэгъэлъэным, кьэралым и щlалныльхэхэм я щlалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм яку дэлъ зэныбжьэгъуэгъэ гъэбыдэным хуэунэтlаХэр ди зэманым зэрырагъэкlуэжьым. Сыту жыпIэмэ цlыхухэм зэхэщIыкI нэс едгъэгъуэтмэщ, щlалэгъуалэм Хэкур фIыуэ яльагъуу дгъасэмэщ дэ кьэкlуэн тэмэм щыдIэнур.

Конкурсым хэтхэмрэ ар кьызэрыгъэпещхьэрэ узынщагъэ быдэ,ефIэкlуэныгъэ, творческэ екьулIэныгъэхэр, текlуэныгъэ фIыэну си гуапэщ. Къэбэрдей-Балькъэрым щывгъэкlуэну махуэхэр икьукlэ гъэщIэгъэну щытыну икlи фIыкlэ фигу кьинэжьыну сыщогугъ.

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Егъэджэныгъэр зыхуей хуэзэу къалъытэ

Ди газетым зэрытетащи, махуэку кlуам республикэм и Правительствэм щекlуэкlащ Iъэпкь проектхэр гъэзэщIэныбмрэ демографие политикэмкlэ КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ советым хэтхэм я зэIущIэ. Ар зытеухуауэ щытар «Егъэджэныгъэ» лъэпкь проектым ипкъ иткlэ, унэтlныныгъэ щхьэхуэхэм цыхьэфIагъэхэр гъэжьыгъэхэр къэпщытэжьынырц, дяпэкlэ къапэщыт къаэнхэр убзыхуныырц.

ЗэIущIэр кьыщызэIуихым КъБР-м и Iэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен** жиIащ лъэпкь проектхэр гъэзэщIэным ильэс ебланэ хьуауэ ди республикэр иужь зэритыр, ар Правительствэм и пащхьэ кьыт Iуэхутъуэхэм я нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

- А ильэсхэм кьэнубыдэу кьыдэхъуIа куэд щыIэщ, ауэ зэфIэдгъэкlын хуейуэ кьытхуэнари машIэкъым. Абыхэм ящыщщ гутьытэ пыухыкIа зыхуэщIыпхъэхэри, псальэм кьыдэкlуэу жыпIэмэ, сабий ныкъуэдыкъуэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыныр, - жиIащ Къанокъуэм. - Ахэр едгъадж кьудейкlэ зэфIэкlынукъым, атlэ жылагъуэм яхэзагъэу, езым я ныбжьхъэм ядекlуу зэпеуэхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм, я къару кьыззэрихькlэ, хэтыфу едгъэсэн хуейщ, абы текlуэдэну ахьшэр и чэзум Правительствэм хуихьынущ. КьыщынэмыщIауэ, зэчий зыбгъэдэлъ щIалэгъуалэм ядэIэпыкъуныр мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ. Фэ зэрыфщIэщи, федеральнэ центрми и нэIэ тетщ а Iуэхум. Гъэ кьэс ныбжьыщIэ зэчиифIэхэм хуагъэфащэ УФ-м и Президентым, КъБР-м и Iэтащхьэм, УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ и министерствэм я стипендиехэр.

(Кlэухыр 2-нэ нап.).

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Депутатхэр арэзыкъым

республикэм и газетхэм я лэжьэкlэмкlэ

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкlI и орган нэхъыщхьэм и зи чэзу зIущIэм и пэщIэдзэм КъБР-м и Парламентым и Унафэщlым кьыбгъэдэкlыу Мэз Сусанэрэ Елчэнар Валерэрэ фIыщIэ хуащIащ КъБР-м и Парламентым и лжьыгъэ зэгъэуIуным ильэс куэдкlэ хьэлэду зэрыхэтам папщIэ. Чеченов Ануар абыхэм ехьэхьащ узынщагъ быдэ, ехьулIэныгъэ яIэну.

ЗАКОНЫМ тетынымкlэ, хабзэр хъумэнымкlэ, жылагъуэ щынагъэуэнщагъэмкlэ комитетым и унафэщlым и къуэдзэ **Шумахуэ Арсен** депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь куэд зыхэт Iуэхуэхэр зэрыщагъэкlуэкlым теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр. Ар президиумым хэтхэм ящIэгъащ. Мы документыр еубзыху жылагъуэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуэхэм щытепсэлъыхьын, жылагъуэ Iуэху епIыкlIэхэр утыку кьыщIралъхьэн папщIэ хуэхьэ щIыпIэ щхьэхуэхэр кьызэрагъэсэбэп хабзэхэр, хьыбарегъащIэ щхьэхуэхэр ямыту ирагъэкIуэкI зэхьэхьэхэм нэхъыбэ дыдэу кьрихьэлIэ хьунуэр зыхуэдизыр.

Мы комитет дыдэм апхуэдэу игъэхьэзыращ «Урысей Федерацэм и цIыхухэм кьатхэм зэрыхэплъэ щIыкlэм теухуауэ» федеральнэ законым и 11-нэ статьям зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ» федеральнэ законым и проектыр. Абы ипкъ иткlэ, кьыхалъхьэ къэрал органым, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органым, кьулыкъущIэ щхьэхуэм тхыгъэкlэ зыхуэзыгъэзам и унэцIэр е и пощт адресыр кьимыгъэльэгъуамэ, абы жэуап ирамытыжьыну. Апхуэдэу законопроектыр зыгъэхьэзырахэм кьалытэ кьытригъэзэжу тхыгъэр кьезыгъэхьам щIэуэ тегъэщIапIэ зэрэгъэгъуэм кьимыгъэлъэгъуамэ, япжкlэ абы мызэ-мызэ тIэу зэхуапхэр хуагъэхьыжажаз, зи чэзу тхыгъэм щIабжьэ зэримыIэм теухуауэ кьэрал органым унафэ кьиштэну икlи адкlэ а цIыхум жэуапхэр иримытыжьыну зыгъэщIын хуейуэ.

ЩIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымрэ щIыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьныгъэмрэ я Iуэхуэхэмкlэ комитетым и унафэщI **Берд Хьэрэталий** зэрыжиIамкlэ, «КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я статусымрэ абыхэм я гъунапкъэхэмрэ я Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым и 5-нэ, 12-нэ статьяхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектым кьыщыхалъхьэ идкlыпсту кьалэ жылагъуэу щыт Дзэлъкъуэкъуажэрэ Къущкъутаурэ я статусхэр зэрахъуэкlыу ахэр кьуажэ жылагъуэ щыIащ тхылъхэр.

Щэнхабзэмкlэ комитетым и унафэщI **Рахаев Анатолий** депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ис лъэпкьхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм (тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я фэеплъхэм) я Iуэхукlэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законопроектыр. Абы кьыщыгъэлъэгъуащ щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр кьэралым ихъумэнымрэ кьигъэсэбэпныныкlэ зэхущытыкlэхэм хиубыдэ субъектэр, электрон Iэмалхэр кьагъэсэбэпырэ, кьэрал, муниципальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэгъэкIыным и лъэныкъуэкlэ зэдзлажь зэрыхъунур. Псальэм папщIэ, кьалэн куэд зэфIэзыгъэкI центрхэм кьыщIах хьунущ щэнхабзэм и фэеплъхэр хьумэным хуэунэтIа лжьыгъэхэр ираГъэкIуэкIын папщIэ хуит зэращI тхылъхэр.

(Кlэухыр 2-нэ нап.).

● Iуащхьэмахуэ куей

Федеральнэ бюджетым и хьэкъкlэ

Егъэджэныгъэр егъэфIэкlуэныкlэ программэ зэхэтым зэрыщыбзыхуам тету, Тырныауз кьалэм и курыт школ №3-м и унащхьэмрэ и щхьэгъубжэхэмрэ зэрахъуэкlынущ. А Iуэхум федеральнэ бюджетым кьыхэкlыу сом мелуани 8-м щIигъу хухахащ.

ЕДЖАПIЭМ и унафэщI Хутуевэ Любэ кьызэрыджиIамкlэ, унащхьэм куэд щIауэ цIыхуIэ еIусакъым, иджы федеральнэ программэм тету, ар зыхуей хуагъэзэну, нэгъуэщI Iуэхугъуэхэри зэфIахыну Iэмал яIэщ.

Егъэджэныгъэр зэрырагъэфIэкlуэнум тещIыхьа программэ зэхэтым и фIыгъкlэ, псынщIэу лажьэ интернетыр, компьютер Iэмэпсымэхэр кьагъэсэбэп, зэрагъэпажэ фондым и хьэкъкlэ, егъэджакlуэхэм я улахуэм кагъахьэу.

Ятlэрэ мывэрэ кьызыдихьу, 2000 гъэм бгыщхьэм кьеха псыдзэм Тырныауз кьалэм и псэуалъэ куэдым и зэран екlащ. Апхуэдэщ школым и щхьэгъубжэхэри. Унащхьэр зэрахъуэжIмэ, ахэри яхъуэжьнущ.

ТАРИМ Алисэ.

Къуажэдэсхэр ягъэгуфIэ

Гундэлэн дэт курыт школ №1-м топ джэгуплI Iэрыщ къыщыIэлъхащ.

МЫБЫ къыдэкlуэу зэрагъэпэщыж еджапIэм и спорт пэшыр.

«Урысей зэхъуэт» партым къыбгъэдэкlыу школым тыгъэ хуэщIащ футбол, волейбол, баскетбол зэрыджэгу топхэр. Къуажэдэсхэм фIыщIэ ин хуащIащ къыдэкlуэтей щIэблэм гъэсныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэныкlэ мыхьэнэ ин зиIэ мы Iуэхур къадэзыIыгъаХэм: Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен, КъБР-м Спортымкlэ, туризмэмрэ курортхэмкlэ и министерствэм, Iуащхьэмахуэ район администрацIэм.

Мыгуфэу Гундэлэн щаухэунущ спорт Iуэхущапlэ ини.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

Краснодар цыджанхэр зэхэзехуэн щащI

Краснодар къалэм дэт щыгъынщапIэ бзэрхэм ящыщ зыт тет щыджанхэр въэсмахуэ зэхэзехуэн ящIащ.

Лъэпкь Iуащыгъэ:

Бжьыхьэ бадзэ дзэкъэрейщ.

● «Адыгэ псалъэр» кьыхьзох

Лъэпкъыбзэм и хъумакlуэ

Ди лъэпкъыбзэкlэ кьыдэкlI газет закъуэр ди унагъуэм кьыщимыхьа щIэжыркъым. Ди нэхъыжьхэм я Iэпэгъуу кьекlуэкlа «Адыгэ псалъэр» нобэ абыхэм я щIэблэмн кьыддогъуэгурыкlуэ.

СЫТ ди унагъуэм а газетыр апхуэдизу щIэдгъэлъапIэр жыпIэмэ, ар ди лъэпкъым и блэкlам дризыгъэплъэк, и нобэр зэрекlуэкlыр кьытхуэзыIуатэ, и кьэкlуэнур зыхуэдэнум дезыгъэгупсыс кьыдэкlыригъуэу зэрыщытырц.

Унагъуэм щIэс псоми газетыр сыт щыгъуи тфIэгъэщIэгъэнщ, си щIэщыгъуэщ, ар кьыщахьынур кьытхуэмыгъэсу дыпоплъэ. Дэ тфIэфIу дыкъоджэ дунейм щыхьыбархэм, «Исльамым и нур», «Махуэку», «Мальхьэдис» напкlэщIэхэм. А псом кьыщынэмыщIауэ, гуапэ тщохьу дуней псом цикьухьа ди лъэпкъэгъуэм я хьыбар гъэщIэгъэн куэд, абыхэм я Iуэху зыIутыр газетым кьызэрыджиIэр.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейт «Адыгэ псалъэр» и теплъэкlи и купщIэкlи efIакlуэу зэманым зэрыдзбакъуэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, ди бзэр нэхъ щэрыуэу, нэхъ зэщIэкъуауэ щытынымкlэ ди анэдэлъхубзэкlэ кьыдэкlI газетым мыхьэнэшхуэ егъэзащI. Кьапщтэмэ, сэ кьызоIутыгъ «Адыгэ псалъэр» лъэпкъыбзэм и хъумакlуэ нэсу.

ХЬЭЩIЭЛI Фатlимэ.
Нарткъалэ къалэ.

Сурэтыр **ГЪХЪУЭБЖЬ ХьэзрэIил** *трихащ.*

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкlакlуэхэ!

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кlэпIейкlи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

● Футбол

«Сибирь» (Новосибирск) - «Спартак-Налшык» - 0:0

Урысей Федерацэм футболымкlэ и ятlэ дивизиониым 2012 - 2013 гъэхэм щекlуэкlI зэхьэзэхуэм ипкъ иткlэ, дыгъуасэ Новосибирск щыIэхэта зэIущIэм апхуэдэ бжьгъэ кьрикlуащ.

«Спартак-Налшыкымрэ» «Сибирь»-мрэ я зэIущIэр зэрекlуэкlа щIыкlэмрэ зи чэзу джэгугъуэм и ужькlI турнир таблицэм игъуэта тепльэмрэ я ятеухуа тхыгъэ ди газетым тетынущ.

ХЬЭТАУ Исльам.

Гу зылъытапхъэ

IУЛЬХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэр зэралажьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуаз эмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкlэ.

Абыхэм ятеуахэм зы яукIащ, тIум фэбжьышхуэхэр традзащ. Лей зытекlахьэм яхэтщ Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыпсэу цыджанхэм я Iэтащхьэм и кьуэр. Абы Iуэхур нэхъ хьэлъэж ещI.

Зылъэгъуахэм зэрыжаIэмкlэ, сату ящIу бзэрым тет цыджан лIыкъуэм (дэтхэнэми илъэс 40 - 43-рэ я ныбжьщ) щIалэгъуалэ гуп къащыхьащ. ПсалъэкIэ щахуэмыгъэшынэм, кIэрахьуэхэр къыхурахащ икlи кьахэуэу щIадзащ. Iуэхур кьызыхэкlамрэ ар зылэжьаХэмрэ зохатэкI.

Топджэгуракъым дэзыхьэхыр

Мэзкуу и «Спартак»-мрэ ЦСКА-мрэ футбол джэгуну кьащыхуэкlуэхэм и деж Урысей Федерацэм и апхуэдэ щIыпIэр дзэ кьыззтIысэкlам хуэдэщ. Езы тIур щызэIущIэкlэ хабзэхьумэхэм абыхэм дэщIхэр зэрагъэсабырыжьын фIэкlа нэгъуэщI зы Iуэхуи зэрахъэркъым.

Мэз агуэрри тхъэмахуэ кlуам «Спартак»-мэ ЦСКА-мрэ я зэIущIэр кьызэрыгуэкlыу щытакъым. Дэгъур щекlуэкlа къэралым и стадион нэхъ ин дыдэ «Луужники»-р цIыхуитI зэрымылъагъэжу щIэх-щIэхыуэ Iугъуэм зэщIищтэрт, хъуанэмрэ гуемыIу пасалъэхэмкlэ лъэныкъуэхэр ину зэпэджэжырт.

ЗэIущIэ нэужьми ахэр зэзэуэну кьызэрехуэкlащ. Фэбжь зэмылIэужьыгъуэ абы хэзыхахэри щыIэщ. Хабзэхьумэхэм «нэхъ кьыхэжаныкlахэм» ящыщу цIыхуи 150-м щIигъу яубыдащ.

НОБЭ

t Къэралхэм зэдай «Мир» телерадиокомпаниер СНГ-м хэт къэралыгъуэхэм я Iэтащхьэхэм я унафэкlэ ильэс тIощI и пэкlэ кьызэрагъэпэщащ.

t ХъуахIуэ, хьэрычэтыщIэ, «ААА» фирмэм и Iэтащхьэ **Къурэ Валерэ** 1955 гъэм кьалъхуащ.

t Къэбэрдей-Балькъэрым щIыхь зиIэ и хуэрыпат **ТыIэщ (Мысостышхуэ) Марин** кьыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкlэнур:

Пшэрэтехь-текIыу щытыну, пIалъэ-пIалъэкlэ уэшх мащIэ кьешхыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэу градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 12 - 14 пщIэнущ.

Пlащlэмрэ зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Заурбэчыр.

ДУНЕЙМ И ЩЫХЬЫВАРХЭР

Чавес аргуэру хахыж

Зи чэзу президент хэхьыныгъэхэр Венесуэлэм щекlуэкlащ. Абы аргуэру текlуэныгъэр кьыщихащ Чавес Уго.

Америкэм и Штат Зэгуэтхэмрэ Къухьэпlэмрэ илъэс зыбжанэ хьуауэ зрыщу апэщIэт Чавес Уго и тельхьэу Iэ яIэтащ хэхакIуэхэм я процент 55-м. Абы и хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэу щыта, оппозицэм щыIэ парт 22-м я кандидат закъуэу ягъэлъагъуэ Каприлэ Энрике кьыпэщIэтар кьыззэрытекlуар жиIакlэщ.

Зыми и гуапэм щIэмыт политикэ езыгъэкlуэкI Венесуэлэм и Iэтащхьэр яхъуэжьыну США-мэ Къухьэпlэмрэ хущIэкъуа цIхьэкlэ, я Iуэхум зыри кьикlакъым. Уеблэмэ ягъэIуат Чавес зэрылIыкlыну уз кьеуэлIауэ икlи куэд имыхьыжьыну. Арщхьэкlэ къэралым и цIыхухэм я нэхъыбэр абы аргуэру и лъэныкъуэ кьищIыфащ икlи дызыхуэкlуэ илъэсыкъм тетынущ.

Суд пащхьэм ирашэ

Ислъам диным и тельхьэхэр хуабжьу зытегъубжьа «Мусылъмэнхэм я хеягъыр» фильмыр тезыхар жэпуэгъуэм и 10-м Лос-Анджелес (США) и федеральнэ суд пащхьэм ирашэнущ.

Юзеф Басили Марк ягъэкъуаншэ дин лъагъумыхьыныгъэр щытепщэ фильм трихыу ар игъэльэгъуауэ. Абы и зэранкlэ дунейм и щIыпIэ куэдым цIыхуэр зыхэкlуэда зэрыгъэхьэшхуэхэр кьыщыхъуащ икlи США-м и щIэр ехуэхащ.

Мусылъмэнхэр кьыззщIэзыгъэста Юзеф Басили Марк нэхьыбэу кьызэрацIыхур Накулэ Басили Накулэ псевдонимращ. Абы нэхьапэми суд тращIыхьауэ щытащ, ауэ щысыну хуагъэуза пIалъэр имыувыжу тутыкlэщIым кьрагъэкlыжащ. Иджы абы и щхьэусыгъуэри зэхагъэкI.

Краснодар цыджанхэр зэхэзехуэн щащI

Краснодар къалэм дэт щыгъынщапIэ бзэрхэм ящыщ зыт тет щыджанхэр въэсмахуэ зэхэзехуэн ящIащ.

Лъэпкь Iуащыгъэ:

Бжьыхьэ бадзэ дзэкъэрейщ.

● «Адыгэ псалъэр» кьыхьзох

Лъэпкъыбзэм и хъумакlуэ

Ди лъэпкъыбзэкlэ кьыдэкlI газет закъуэр ди унагъуэм кьыщимыхьа щIэжыркъым. Ди нэхъыжьхэм я Iэпэгъуу кьекlуэкlа «Адыгэ псалъэр» нобэ абыхэм я щIэблэмн кьыддогъуэгурыкlуэ.

СЫТ ди унагъуэм а газетыр апхуэдизу щIэдгъэлъапIэр жыпIэмэ, ар ди лъэпкъым и блэкlам дризыгъэплъэк, и нобэр зэрекlуэкlыр кьытхуэзыIуатэ, и кьэкlуэнур зыхуэдэнум дезыгъэгупсыс кьыдэкlыригъуэу зэрыщытырц.

Унагъуэм щIэс псоми газетыр сыт щыгъуи тфIэгъэщIэгъэнщ, си щIэщыгъуэщ, ар кьыщахьынур кьытхуэмыгъэсу дыпоплъэ. Дэ тфIэфIу дыкъоджэ дунейм щыхьыбархэм, «Исльамым и нур», «Махуэку», «Мальхьэдис» напкlэщIэхэм. А псом кьыщынэмыщIауэ, гуапэ тщохьу дуней псом цикьухьа ди лъэпкъэгъуэм я хьыбар гъэщIэгъэн куэд, абыхэм я Iуэху зыIутыр газетым кьызэрыджиIэр.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейт «Адыгэ псалъэр» и теплъэкlи и купщIэкlи efIакlуэу зэманым зэрыдзбакъуэр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, ди бзэр нэхъ щэрыуэу, нэхъ зэщIэкъуауэ щытынымкlэ ди анэдэлъхубзэкlэ кьыдэкlI газетым мыхьэнэшхуэ егъэзащI. Кьапщтэмэ, сэ кьызоIутыгъ «Адыгэ псалъэр» лъэпкъыбзэм и хъумакlуэ нэсу.

ХЬЭЩIЭЛI Фатlимэ.
Нарткъалэ къалэ.

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкlакlуэхэ!

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кlэпIейкlи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Егъэджэныгъэр зыхуей хуэзэу къалъытэ

(Кlэухыр. Пэщlэдзэр 1-нэ нап.).

Мы Iуэхур къэдгъэлажьэ хъунукъым икlи КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ, Щэнхабзэмкlэ, Спортымкlэ, курортхэмрэ туризмымкlэ и министерствэхэм быдзэ я нэlэ щlэтын хуейщ унэтlыныгъэ зэхуэмыдэхэмкlэ зэчий зыбгъэдэлъ дэтхэнэ ныбжьыщlэри. Апхуэдизри абыхъи я зэфlэкlым хагъэхьэзын щхьэкlэ Iэмал псори къахуэзгъэпэщыпхъащ. Аха рящ ныжьыкlэ щэнхабзэр, щэныгъэр, нэгъуащ Iуэху дахэхэр зыгъэкlуэтэнур. Сэ сызэрелъымкlэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэм пэрытхэми я щlэныгъэм хэлъхьэуэным гугъыбтэ хэха хуэщlыпхъэщ, псом хуэмыдэу иджырей технологиещlэхэр Iэрыхуэу къагъэсэбэпынымкlэ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий** япэу къызыетеувыlар сабий ныкъуэдыкъуэхэр я унэм щlэсу зэрыраугъаджэ Iэмалхэм зегъэуэжьыным теухуауэ ящlэрщ.

Апхуэдэ сабийхэр егъэджэныр и пщlэдэтпащ Еджэкlуэхэм щlэныгъэ-техникэ творчествомкlэ я центр Налшык къалэ дэтыум, - жиIащ Щхьэгъэпсом. - 2010 - 2011 гъэм и щlыщlым, 2011 гъэм и щlыщlым, ныбжьыщlи 126-рэ ныбжьыщlи 36-рэ ныбжьыщlи 55-м ныбжьыщlи 44-м ныбжьыщlи 36-м ныбжьыщlи 11-м ныбжьыщlи 1-м, бадзэуэгъуэм и 1-м, фокlадзэм и 1-м зэрызихьуэжар къалъытэ. Субсидиехэр ират унагъуэм къыlэрыпхъэ хэхъуэм щыщу процент 15-м щlигъу псэупlэмрэ коммуналнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ тезыгъэкlуадэхэм. Субсидиехэр къыlахыну хуитныныгъэ яlэщ къэрал, муниципальнэ псэупlэхэр зыныгъэм, уней фэтрэхэр къэзыщтхэм, псэупlэхэр еныгъэщlа кооперативхэм хэтхэм, апхуэдэу псэупlэхэр (фэтрэхэр, унэ щхьэхуэхэр, фэтэрым щыщ Iыхьэр, унэм щыщ Iыхьэр) зи мылькуу щытхэм.

ЗэIуIэм и кlэухым Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ комитетым и унафэщlэ **Дадэ МуIсэ** депутатхэм гу лъаригъэтащ «Горянскаи» газетым тета «И Iащlагъэр сегъэджакlуэщ» тхыгъэм икlи жиIащ абы республикэм и педагог псори игъэпудауэ къыlэрилытэр. Депутатыр нэхьри зэгуигъэпащ а тхыгъэр Егъэджакlуэм и махуэр щагъэлъэпlэнум хуэзэу къызэрыградзам икlи абы зэуэхуэу жиIащ депутатхэм гу лъариг

● Пшыхьхьэр

Адыгэбзэр зи псэм хэлъ

Псэ кьабзэ, бзэ дахэ, хьэл-щэн екIу зиIэ цыхум и гъащIэри гъэщIэгъэунщI, езыри насыпыфIэщ. Апхуэдэщ ди адыгэ усакIуэ-уэрэдыст, радиожурналист Вындыжь Марие. «Сабиипсэр зыхэзыщIэу сабиибзэм декIуэкIыф» псалъэ гуапэхэр тхакIуэ, усакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ ауэ сытми хужиIакъым а цIыхубз щыпкъэм.

Марие и тхыгъэхэр гъэнщIащ нэхуГъэрэ дахагъэкIэ, Iэфыгъэрэ гуапагъэкIэ. Ар топсэльыкъ гъащIэ гъуэгуанэми, анэ гу пцIанэми, сабиигъуэ Iэфми. УсакIуэм и кьалэмыпэм кьыщIэкIэм Iущыгъэ яхэлъщ псэр ягъэIэсэу, гур ягъэхуабэу. Вындыжьым и усэ куэдым макьамэ щIалъхьауэ уэрэдыкIакIуэ цIэрыIуэхэм ягъэзащIэ. Ахэр гуапэщ, удэзыхьэхщ, узыгъэупсысщ.

Вындыжь Марие и Iэдакъэщ1экIэр фIыуэ зыпылагъу къэхъундэсхэм иджыблагъэ усакIуэм зэхьихьэ гуапэ кьыхуэзрагъэпэщащ. Ар теухуауэ щытащ Марие и ныбжьыр илъэс бжьыгъэ дахэ зэрырикъуар хуагъэльэпэным.

Вындыжь Марие (щысщ) и пшыхьым хэтщ уэрэджьыакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щыхь зиIэ и артисткэ Тхьэгъэлэдж Светланэ.

КЪУАЖЭ администрацэм и бжэIупэм деж щызэхаубла джэгу дахэр зэIущIэм и пэублэт. Абы кьрихьэлIат Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Жэмыхьуэ Щыхьэрбий, кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ Езий Мухьэмэд, район библиотекэм и унафэщI Шэрыйужь ФатIимэ, жылэдэс Тэхьу Мухьэжид, 1-нэ курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэу Гъащтэ Анетэ, Езий Оксанэ сымэ, абы-хэм я гъэсэнхэр, нэгъуэщIхэри.

Зэхьихьэр кьыхьэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ кьуажэ библиотекэм и унафэщI Пхъэш Светланэ. Абы и псальэм кьыхигъэщащ Марие и усэхэр зэрыгуапэр, ахэр щIалэгъуэлэм зэIэпахыу зэраджыр. Ар уэрэдзэгуфIэ Iуэхущ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, усакIуэм и Iэдакъэщ1экIэр фIым и телъхьащ, гъэсэныгъэ мыхьэнэи яхэлъщ.

УсакIуэм и гъащIэм, и творческэ гъэзэгуанэм кIэщIу и гугъу ящIа нэужь, утыку кьихьащ курыт еджапIэ №1-м и 5 - 9-нэ классхэм щIэс цIыкIуэхэр. Ахэр кьеджащ Марие и Iэдакъэщ1экIэхэм ящыщу «Зэхуэзэшхэр зэхуоэзэж», «Нэдахэ», «Бжьыхьэ», «Дыкъыздэгъафэ», «Зыри жумыIэ», «СфIэфIкIым», «Адыгэ пшынальэ», «Анэ», «Гъэмахуэ» усэхэм, нэгъуэщIхэми.

КъыкIэлъыкIуэу сабийхэм упщIэ зыбжанэкIэ зыхуагъэзащ я хьэщIэм. Япэ усэр щитхам щыщIэупщIэм, Марие жиIащ и япэ усэр школым щезыгъэджа Лыджьыдэ Хьэлимэт хуитхауэ зэрыщытар.

- Цыхубзхэм я махуэшхуэр кьэсыртI... Усэ гъэпсыкIэм дыхуэзыгъаджэу щыта Лыджьыдэ Хьэлимэт сыткIэ сыхуэупсэ хьуну пIэрэ, жысIэу сыщIегупсысым, «Си егъэджакIуэ» усэр стхауэ щытащ. Абы щыгъуэ ар усэ дыдэ хьуауи кьыщIэкIынтэкъым, ауэ иужькIэ селэжьыкри, Блашэ Владимир макъами щIилъхьащ. Сыщымыуэмэ, ар уэрэд хьарзынэ хьуащ, цыхуэхэм ягу ирихьащ, - жиIащ Марие. - Япэ лъэбакъуэ щыпчым деж куэд елытащ уи Iуэхур кьыззрыбдаIыгъым. ЗыкъыпщIэзыгъэкъуэн уиIэмэ, узыщIэхъуэпсми нэхъ утогушхуэ. Апхуэдэ щIэгъэкъуэну сэ сиIащ Сокъур Мусэрбий. Университетым сыщыщIэсым, абы гъуэгу снгъэльэгъащ, усэ тхьынми сытригъэгушхуащ.

Апхуэдэу ныбжьыщIэхэр щIэупщIащ школым щыщIэсым Марие нэхъыфI дыдэу ильагъуу щыта дерсыр сыт хуэдэми.

- ВгъэщIэгъуэну кьыщIэкIынщ, ауэ нэхъыфI дыдэу сльагъууи сщIэуи щытар есэпрат. ЕгъэджакIуэм доскам кьритхэну хунэмыс щыкIэ, сэ ар гукIэ сщIыфырт. Пэжщ, сыдихьэхырт ди адыгэ тхакIуэхэм я усыгъэми, псальэм папщIэ, ЩоджэнцыкIУ Алий, ЩоджэнцыкIУ Iуэм сымэ яйхэм... уеблэмэ Биду Анатолэ и «Уэс кьоС тхылъ цIыкIум ит усэхэр псори зэзгъэщIауэ щытащ. Арами, есэпыр зыпэсщI щыIэтэкъым, - жиIащ Вындыжьым.

Марие щыкIуэхэм я лъэIукIэ и зы усэ гукIэ кьахуеджащ.

Кьуажэ псом кьабгъэдэкIыу Марие кьехъуэхъуащ Жэмыхьуэ Щыхьэрбий.

- Уи Iащ1эр щIэращIэу, уи уэзышIагъэр мыкIуэщIу, узыхэтыр бгъэгушхуэу дунейм Тхьэм утригъэт. Ди щIалэгъуалэр нобэ бгъэгушхуащ, фIым я фIыжьыр пхуэфащэщ, - жиIащ абы.

Ёзий Мухьэмэд кьыхигъэщащ Марие и дэтхэнэ усэми купщIэ зэрыщIэльыр, абыхэм хуэфащэ гупльытэ ягъуэтыну зэриГуапэри жиIащ.

- Хуабжьу дыщыгуфIыкIащ Вындыжь Марие кьызэрэтхуеблэгъам, ар нэхъ гъунэгъуэу ди цIыкIуэхэм кьызэрыцIыхуам, Дауэ хьуми, тхылъым кьиубжьыкIымрэ тхакIуэм ущепсальэмрэ зэи зэхуэдэ хьунукъым. Абы теухуауэ мыпхуэдэ зэIущIэхэм мыкъэзнэхъуэ яIэщ, - жиIащ Ёзий Оксанэ. Кьыхэзгъэщыну сыхуейт, илъэситI и пэ ди курыт еджапIэ №1-м «Си бзэ, си псэ - си дунейм» зэхьэзэхуэр щыщIекIуэкIам, Вындыжь Марие къэпщытакIуэ гупым хэтыну кьедгъэблагъэуэ зэрыщытар. Зэпеуэм ди зы хьыджэбэ щыкIуам Марие итха «Анэ» уэрэдыр щигъэзащIэрти, жетIащ ар зытхар къэпщытакIуэ гупым зэрыхэтыр. ИгъэщIэгъуат, «ар цыкIубэ уэрэдыжь си гугъат», жиIэри. Си гугъэмкIэ, абы нэхъ рэ нэхъ лъапIэ щыIэу кьыщIэкIынкъым - уи тхыгъэр цыхуэбэм ейуэ кьащыхьныым. АбыкIэ жысIэну сыслъыуейращи, Марие и Iэдакъэщ1экIэр я мыхьэнэкIэ лъапIэщ.

Вындыжьым ехъуэхъуну, и махуэр хуигъэдэхэну зэхьихьэм зыкърезгъэхьэлIа ди уэрэджьыакIуэ Iэзэ Тхьэгъэлэдж Светланэ адэкIэ утыкур хуит хуащIащ. Абы жиIащ Марие псальэ зыхуитха уэрэдхэм щыщи.

- Мыпхуэдэ зэдгъэщIуэ гуапэ куэд слъэгъуауэ схужьIэ ныбжьым. Вындыжь Марие и усыгъэм хэлъ гупсысэр сабийхэм зэрызахевгъэщIэфыр гуапэщ. Гум ехуэзбылIэу кьыззвгъэпэща зэхьихьэм дэ нэрылъагъу тщещI кьуажэм хабзэ, нэмыс зэрыдэлъыр. Мыдрейуэ, Марие сохьэхьэу и зэфIэкIым хэхъуэ зэпыту екIуэкIыну, и мурадхэр кьехъулIэну, - жиIащ Вындыжьым и лэжьэгъу Махуэлi Хьаджэт.

Зэхьихьэм и кIэм Марие псоми фIыщIэ яхуищIащ, зэрырагъэблэгъар зэриГуапэр кьыхигъэщу.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ныбжьыщ1эхэм упщIэ я куэдт.

● Iуэху еплъыкIэ

ТэмакъкIыхьагъ набгъэ

Сэ нэмэз зыщIхэми нэжджьытым кIуэхэми сащыщкъым, итIани диным Iуэху лъэпкъ хузимыIэхэм сащыщуи схужьыIэнукъым. Кьыдгурыпуэжми кьыдгурымыIуэжми, сэ кьыззрысфIэщIымкIэ, дэтхэнэ зы адыгэми и лым хэту кьыздрехьэкI и гъэпкъыр лIэщIыгъуэкIэрэ кьыхэпхыкIа динэр. IэщIагъэм и хьэтыркIэ кьуЪлышрыфхэмрэ тхьэетыIупIэхэмрэ щIэх-щIэхыуэ сышIыхьэн хуей кьызэрысхунхэм кьыхэкIыу, зэдауэ куэдым я щыхьэт сымыхьуу кьанэркъым. Нобэ ди хьуреягъкIэ «тэмакъкIыхьагъ» фIащауэ тэмакъкIэщIу зы Iуэху еплъыкIэр адрейм зэребгъэрыкIуэм гу лъымтэнкIэ Iэмал зэримыIэм и мызакъуэу, абы темыпсэтхьыхьыпIи нIэжькъым.

Тетщ Фыст бгым жорышхуэ.

ЦIыХУ Iущхэм языхэзым жиIэгъащ: «Хьыумыгъэзэхьу кьепшэлIэфынир Iэзагъышхуэщ». Ди дежкIэ апхуэдэ насып щызекIуэркъым. Нужьрей зэманым жыдэзру йоложь егъэджэнныгъэ Iуэхум динир хагъэхьэным: цIыхуэхэр дэхуэхащ, гъэсэныгъэ щыIэжькъым, аращи, чIнэсу фIэIа дызыщIыгугъын щыIэкъым. Зэрырагъэджэн тхьылъи, зытетын программи зэрагъэпэщащ, уеблэмэ адэ-анэмрэ ирагъэкIуэ. Ауэ Iуэхум зыгуэр мыгурыIуэгъуэу хэтыщ. Лъэпкъыбзэхэр егъэджын зэрыхуей Iуэхум тепсэлъыхь хъумэ, егъэджэныгъэм пыщIа кIуэлыкIущIэхэм -псори ядэ»: сабийхэмрэ адэ-анэмрэ хуейм, зыри зэран хъуркъым. Ауэ абыхэм яфIэмыфIрIэ - дауэ? Апхуэдэ щыкIэкIэ школ программэм ГъпкъыбзэрхагъэкIыжьыпащ. Хэт ар нэхъ къэзыщтэр? А члисэ дыкъезыгъэльыпуращ. Чристэн динр лэжьакIуэхэр куэд щIауэ школхэм екIуалIэуэрэ сабийхэм пщIэнщуэ ядоуэршэр. Апхуэдэу динымрэ лъпкъыбзэмрэ ухэдэн хуей мэхъурт, зи Iуэху нэхъ дзэы-гъэкIыфыр токIуэ.

Сэ мусЪымэну сыкьыщэраатхъуаракъым мы Iуэхум сыщIигъэпIейтейр. Адэ сыщыхъужкIэ, кьаруэ нэхъыбэ зыбгъадэлъ балигъым, школыр е къэралыр кьигъэсэбэпу, езым и фейдэ зыхэльыр зи гупсысэкIэр зэтемыува сабийм и щхьэм ирилъхьэным срибийуэ араш, Фы дыдэщ кьыдэкIуэтей щIэбIэр езым и пэгъунэгъу диным хуебгъэдэжну, ауэ ядкьыпсту диным хурагъэджну кьыдаха Iуэху «бэлыхьым» си щхьэкIэ бэлыхьрэ политикэрэ фIэкIа хэслъагъэркъым, си фIэщи хъуркъым. Щхьэусыгъуэр кьэщIэгъуейкъым: программэщIэр щежьэнуэр, зэрыхабзэу, фокIадэм и 1-кьым, атIэ 2013 гъэм и мэлыжьхьращ - IутIыж махуэм ирихьэлIэущ. ЩIэупщIэн щыIэ?

Диным и дамыгъэ гуэркэр щыхуэхэм ятьагъуу утыку кьыргъэувэмэ, сэ кьыззрыгурыIуэмкIэ, абы иЭн хуейр зы щхьэусыгъуэ закъуэщ - цыхуэхэр зэшэлIэн, зэгурыгъэIуэн, я фIыр текIуэну гукъыдэж ептын щхьэкIэщ. Илъэс щыбжанэ и пэкIэ Фышт бгым метрищ и гъагагъуэ гъущым кьыхэщыкIа жор трагъэуващ. «Кавказ-кий узел»-м зэрыжиламкIэ, ар Урысей псом и цIихьнагъ нэхъыщхьэ Алексий ЕтIуанэр Шаповалов Виктор кьыхигъэщащ кьалэм ветеранхэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащIыр, апхуэдэуи фIыщIэ яхущIащ муниципалитетым и Iэтащхьэ Кладько Игорь, абы и кьэлэдэсу Клешня Ларисэ, «Горэлектросеть»ОАО-м и тхьэмадэ Надэжий Владимир, «Ростелекомэ» ОАО-м и Iэтащхьэ Кочергин Алексей, «Прохладнэ щIакхъуэгъакIэ» заводым» и унафэщI Дубко Наталье сымэ кьрахьлъжьэ Iуэхуэхэр кьызэрыдаIыгъым папщIэ.

ЗэIущIэм щытепсэльыхьащ ветеран зэгухьэныгъэхэм я лжьыгъэр егъэфIэкIуэн, кьалэм щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр егъэджэныгъэ Iуэхущ1эпIэхэм нэхъ жьыдэжьу ядэлажьэн зэрыхуейм, щIалъгъуэлагъэ хэкупсэу гъэсэн папщIэ щIапхъэхэм.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

● Прохладнэ къалэ

Щапхъэ ягъэлъагъуэу мэлажьэ

Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщ1экIэ Зэщ1эуэзэда Къарухэм я ветеранхэм я Прохладнэ къалэ советым иджыблагъэ ирагъащ щылэжьэну пэщыщI. Иджы ахэр кьалэкум ит унэхэм ящыщ зым щIэсынущ. Мы Iуэхущ1апIэм махуэ къэкIуэнIэ зи ныбжьыкIэ Iуэхутэхэр. Абыхэм я гукъеуэхэми щIэдэIунущ, чэнджэщи ратынущ, я Iуэхум и хэкIыпIэр жраIэнущ.

ЯпЭУ унэщIэм щрагъэкIуэкIа зэIущIэр кьыщыIэIуихьм, абы и тхьэмадэ арэзыуэ Мейкъуапэ щызэхэт къэзакъ зэгухьэныгъэм зэфIигъэкIа Iуэхут. Щхьэусыгъуэхэр тIу хьурт - Урысейм чристэн диныр кьызэрыщIэтхъуэкIэ 1000, Кавказ бгъэшмбарыр илъэс 2000 иригъэкIуэ. Иужькъ, цIыхуэхэр зэрымыяарэзыр щызэхахым, фэеплъым зы тхыгъэ кьытехутащ: кьызэрыщIэкIымкIэ, жорыр Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я щIэкIэ ягъэувауэ арат. Абы упщIэм нэхъри зригъэбгъуащ: Хэку зауэшхуэм чристэн фIэкIа хэмытауэ ара? ИтIанэ абдежьым муслымэнхэми буддистхэми я дамыгъэхэр тетыпхъэщ! Мыбы мыгурыIуэгъуэ зыри хэтъыжтэжкъым: Кавказым и щIыпIэхэм я нэхъ гъащIэм жор кьызэрыграгъэувар езы Кавказыр чристэн диным и пъабжьэр зэрыщIэувам и дамыгъэу арат. ЩIыхуэхэм ар ягу щытемыхуэм, 2009 гъэм щэхуу зыгуэрэхэм жорыр пахри, хьэрэжьуакIэ дадзэкащ. Ауэ Iуэхур абыкIэ зэфIэкIакъым: 2010 гъэм фокIадэм и 19-м жорыщIэ къытрагъэувэжащ...

Апхуэдэ дыдэ Iуэхуэр Сочэ къалэми щокIуэкI. Иужьрей зэманым кьалэм и махуэр жэпуэгъэм и кIэм ягъэлъапIэ, ауэ ар Кавказ зауэр нухьыр ятIэ дыдэ зэрысыдэр кьалэм кьыщыдыхьам ирырагъэхьэлIэну хэтащ зэгуэр.

Нобэ дуней псом щытрагъэкIуэну зыхэт демократ зэхэтыкIэм Iэмалыншэу кьеГъэув динкIи, лъэпкъкIи, бзэкIи зэхэтэжьэ дымышIу дыздэкIуэкIыфын зэрыхуейри зэрытхузэфIэкIынри. Ар кьыдгурымыIуэ мыхьэну Iущагъэщ. Ауэ Iуэхум уи фейдэ кьыщыпIпыхьуэрэ абы демократие фIэпщIыжмэ, а зи щIыбагъ укъыдэувэ псалъэ дахэращ ятIэ укъыщIэзыгъэщынур.

Тхьэр уи фIэщ хъунырэ е мыхъунырэ, абы ухуэпщIыпIынырэ е атеисту укъэнэнырэ - щIыху кьэс езым и Iуэхужщ. Аращи, кхъыIэ, афIэкIа «тэмакъкIыхьагъ» фIыщимыIэкIэ, си псэм фIыкьытемыгъуаIэхъэ.

ныБЭ Анзор.
Лазаревское (Псэзыуапсэ) жыIэ.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Анэм хухах ахъшэр

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм нобэ ирихьэлIэу унафэ кьыщтащ анэ (унагъуэ) мыпхуэм и сертификату 33343-рэ ятыну. Анэм хухах ахъшэр мы гъэм сом мин 387-рэ 685-рэ мэхъу. И нэхъыбэм абыкIэ псэупIэ кредитхэр зытрагъэкIыж. Псори зэхэту республикэм щыщ унагъуэ 11782-м а Iэмалыр кьагъэсэбэпащ.

